



Pou Piblikasyon Imedya: 17/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE OFISYÈLMAN SEZON KONSTRIKSYON NAN ETA
NEW YORK EPI ANONSE SEMÈN SANSIBILIZASYON NASYONAL NAN ZÒN
TRAVAY YO PRAL FÈT SOTI 17 JISKA 21 AVRIL**

Pwogram siveyans vitès nan zòn travay yo ap lanse 17 avril, li baze sou efò kontinyèl yo pou ranfòse kondwi an sekirite nan zòn travay yo ak pwoteje lavi travayè sou otowout yo atravè New York

NYSDOT ak Otorite Thruway lanse kanpay sansibilizasyon piblik la pou edike Nouyòkè yo sou nouvo pwogram pilòt la nan zòn travay yo

Yo pral limen moniman Eta yo avèk koulè oranj nan dat 19 avril epi nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo mete rad oranj kòm solidarite avèk travayè sou otowout New York yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke eta a pral ofisyèlman komemore Semèn Sansibilizasyon Nasyonal nan Zòn Travay yo soti 17 avril jiska 21 avril pandan sezon konstriksyon an kòmanse. Tèm pou 2023 a se, "Ou jwe yon wòl nan sekirite zòn travay. Travay avèk nou!" Nan kad komemorasyon sa a ki vize pwoteje travayè otowout yo, yon Pwogram Pilòt Siveyans Otomatik Vitès nan Zòn Travay yo pou ede fè respekte limit vitès nan zòn travay konstriksyon ak antretyen otowout yo pral lanse ofisyèlman 17 avril, yon inisyativ konjwen ant Depatman Transpò Eta New York ak Otorite Thruway Eta New York ki baze sou efò k ap kontinye pou pi byen pwoteje travayè otowout yo. Yon total 30 sistèm siveyans vyolasyon vitès ki depann de teknoloji RADAR yo pral pozisyone nan zòn travay aktif sou otowout Eta New York yo - 20 sou wout NYSDOT ki sibi antretyen ak 10 sou Otowout Eta New York (New York State Thruway).

"Pandan n ap kòmanse ofisyèlman sezon konstriksyon nan New York ansanm ak Semèn Sansibilizasyon Nasyonal nan Zòn Travay yo, mwen remèsye travayè otowout yo atravè eta a ki mete lavi yo andanje pou fè antretyen ak amelyore wout nou tout konte sou yo chak jou", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouvo pwogram pilòt sa a pral

enpòtan nan ankouraje abitud kondwi san danje nan zòn travay sou otowout yo epi pwoteje lavi moun ki ede kenbe yon sistèm otowout ki an sekirite ak serye".

Eta New York te fè eksperyans yon kantite vyolasyon vitès zòn travay k ap ogmante nan dènye ane yo, sa ki lakòz anpil travayè otowout yo blese ak plizyè lanmò pami pèsonèl eta ak kontraktè yo. Lè yo lanse pwogram nan pandan Semèn Sansibilizasyon Nasyonal nan Zòn Travay yo, yon kanpay chak ane ke Administrasyon Otowout Federal (Federal Highway Administration, FHWA) la rekonèt depi ane 2000, eta a ap mete aksan sou enpòtans pou kondwi an sekirite lè yo rankontre konstriksyon, antretyen ak operasyon ijans sou otowout yo.

Pwogram Pilòt ak Kanpay Siveyans Otomatik Vitès nan Zòn Travay yo

Gouvènè Hochul te siyen pwogram pilòt Siveyans Otomatik Vitès nan Zòn Travay yo ke lejislasyon an te etabli. Pandan 30 premye jou pilòt la, yo pral bay otomobilis ki depase vitès yo Avi sou Responsablite, avèk Avi aktyèl yo ke y ap bay 30 jou apre premye lansman an. Yo te chwazi yon operatè teknolojik pou pwogram nan apre yon pwosesis òf konpetitif. Dapre pwogram nan, tout machin yo detekte ki vyole limit vitès ki afiche nan yon zòn travay ki depase yon limit etabli pral resevwa kontravansyon. Y apl voye imaj plak machin yo ak done vitès yo kolekte yo bay NYSDOT ak Thruway nan yon semèn, avèk kontravansyon pou vyolasyon yo bay pwopriyetè ki anrejistre machin nan pa lapòs. Pwopriyetè machin ki abite nan Eta New York pral resevwa avi pa lapòs nan 14 jou ouvrab apre vyolasyon an, alòske moun ki abite andeyò eta a pral resevwa avi nan 45 jou. Imaj chofè a oswa sa ki nan veyikil la p ap anrejistre.

Y ap bay kontravansyon nan pwogram pilòt la konsa:

1. 50 dola pou premye vyolasyon
2. 75 dola pou dezyèm vyolasyon
3. 100 dola pou twazyèm vyolasyon ak vyolasyon ki vin apre yo nan 18 mwa apre premye vyolasyon an

Kontravansyon ki pa peye yo ka lakòz yon sispansyon nan anrejistremachin kote chofè yo p ap kapab renouvle anrejistremachin yo san yo pa peye kontravansyon yo anvan. Pwopriyetè yo ka konteste yon vyolasyon nan 30 jou apre yo te resevwa avi. Jan lalwa egzije sa, 60 pousan lajan NYSDOT ak Otorite Thruway kolekte atravè pwogram nan pral konplete pwojè sekirite nan zòn travay yo.

Depatman Transpò Eta a ak Otorite Thruway ap lanse tou yon gwo kanpay sansibilizasyon piblik la pou enkli divès kalite piblisite ak opòtinite rezo sosyal ki vize chofè atravè Eta a. Kanpay la pral itilize panno reklam, emisyon ak radyo difizyon,

Waze ak plis ankò pou mete aksan sou nouvo pwogram nan epi amelyore konfòmite otomobilis yo avèk lwa sou sekirite trafik yo nan zòn travay otowout yo. W ap jwenn plis enfòmasyon sou pwogram pilòt la [isit la](#).

Operasyon Kas Sekirite

Yon represyon Lapolis Eta a sou vyolasyon nan zòn travay yo pral fèt tou pandan Semèn Sansibilizasyon Nasyonal nan Zòn Travay yo, 17 avril jiska 21 avril 2023 nan kad inisyativ "Operasyon Ka Sekirite" k ap kontinye, ki mete aksan sou enpòtans pratik kondwi san danje nan konstriksyon aktif ak nan zòn travay antretyen atravè eta a. Lapolis Eta a ap abiye kòm travayè antretyen otowout nan zòn travay otowout aktif sou otowout atravè New York kote anplwaye Depatman Transpò Eta ak Otorite Thruway pral fè aktivite antretyen ak konstriksyon. DOT, Lapolis Eta a ak Otorite Thruway planifye fè patenarya sou efò ranfòsman adisyonèl san yo pa anonse nan zòn konstriksyon nan tout Eta a pandan rès sezon konstriksyon an ki anjeneral fini an oktòb.

Lapolis Eta a ap prezan nan zòn travay yo pou idantifye otomobilis ki dezobeyi pèsònèl k ap siyale yo, ki akselere nan zòn travay la oswa vyole Lwa Mete ou Akote nan eta a, ki aplike pou veyikil ijans ak antretyen. An 2022, yo te [bay](#) yon total 3,062 kontravansyon pandan detay Operasyon Kas Sekirite, ki depase total 2,336 kontravansyon yo te bay an 2021.

Ekleraj Moniman yo

Moniman k ap limen an rekonesans Jounen Go Orange lan enkli:

- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Empire State Plaza
- One World Trade Center
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Moynihan Train Hall

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Fanm ak gason k ap travay nan zòn travay konstriksyon ak antretyen otowout yo se fonksyonè piblik nòb ki fè li posib pou rès nan nou vwayaje an sekirite nan destinasyon nou yo atravè Eta New York. Antanke yon moun ki vwayaje sou wout eta nou an regilyèman, mwen bay kontribisyon yo anpil valè epi mwen dèt anvè yo, men se travay tout moun pou kenbe travayè antretyen otowout nou yo an sekirite. Chofè yo bezwen kondwi machin yo nan yon vitès ki san danje epi konnen ke limit vitès la ap gen kontwòl lapolis paske lavi yo depann de li - ou menm ak pa yo. Nouvo pwogram sa a, k ap lanse pandan Semèn Sansibilizasyon Nasyonal nan Zòn Travay yo, pral ba nou zouti pou nou pi byen kontwole vyolasyon ki fèt nan zòn travay konstriksyon ak antretyen nou yo, epi sèvi kòm yon rapèl ke nou tout bezwen ralanti, depoze telefòn nou epi sitou, rete vijilan".

Direktè Egzekitif Enterimè Otorite Thruway Eta New York la, Frank G. Hoare, te deklare, "Ekip antretyen yo travay chak jou a kèk santimèt distans de trafik gwo vitès epi yo mete tèt yo an danje pou asire wout yo an sekirite pou tout chofè yo. Se responsablite tout moun pou ralanti epi fè atansyon lè n ap kondwi nan yon zòn travay pou kenbe fanm ak gason sa yo an sekirite. Rada nan zòn travay yo se yon lòt zouti nan bwat zouti pou kenbe anplwaye nou yo ak kliyan yo an sekirite epi mwen vrèman kwè lavi yo pral sove pa konsekan".

Sirentandan Enterimè Lapolis Eta New York la, Steven A. Nigrelli, te deklare, "Travayè otowout ak konstriksyon nou yo mete tèt yo an danje chak jou pandan y ap travay pou amelyore wout yo nan Eta nou an. Nou gen yon responsablite pou nou sonje règ wout yo epi pou nou ralanti pandan n ap vwayaje nan zòn konstriksyon yo pou asire sekirite ak byennèt travayè sa yo. Nou mande tout otomobilis yo pou yo kondwi san danje nan obeyi limit vitès ki afiche yo, rete nan vwa ki deziyen yo epi konnen gen travayè ak ekipman nan zòn travay yo. Nou p ap tolere vyolasyon Lwa Mete ou Akote a ak envazyon nan zòn travay yo".

Komisè Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles) a nan Eta New York la ak Prezidan Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè (Governor's Traffic Safety Committee) a, Mark J.F. Schroeder, te deklare, "Sekirite wout New York yo depann de nou tout k ap fè pati pa nou pou swiv règ wout yo epi pou nou konnen tout moun ki bò kote nou, sitou gason ak fanm k ap repare ak fè antretyen wout sa yo chak jou. Si nou pa swiv règleman yo, gen risk pou yo sispann renouvèlman enskripsyon yon machin akòz kontravansyon nan zòn travay ki pa peye, epi sa gen risk pou otomobilis yo mete tèt yo ak lòt moun an danje san neseseite."

Prezidan Asosyasyon Anplwaye Fonksyon Piblik la, Mary E. Sullivan, te deklare, "Sendika nou an ankouraje aktivman chofè yo pou yo vijilan, konsyan de anviwònman yo, epi pran prekosyon lè y ap kondwi nan zòn travay yo. Nou tout jwe yon wòl nan sekirite zòn travay yo. Twòp nan manm sendika nou yo te mouri oswa te soufri blesi grav nan travay la akòz neglijan chofè yo. Ansanm, nou pataje responsablite pou asire ke gason ak fanm ki fè antretyen wout ak enfrastrikti nou yo respekte epi yo rive lakay yo san danje pou jwenn fanmi yo chak jou."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Associated General Contractors of New York State, Mike Elmendorf, te deklare, "Gason ak fanm k ap travay sou wout atravè New York yo ap fè sa pou sekirite nou—epi chak Nouyòkè dwe yo paske yo kenbe yo an sekirite pandan y ap fè travay enpòtan sa a. Yo deyò ap travay nan kondisyon ki souvan danjere pou asire nou tout rive lakay nou an sekirite pou jwenn fanmi nou; se obligasyon tout otomobilis yo pou yo asire yo chak nan yo rive lakay yo san danje tou. Nouyòkè yo bezwen fè atansyon, rete konsantre, ralanti epi pase akote zòn travay yo. AGC NYS felisite efò patnè endistri, travay ak ajans piblik nou yo fè pou byen sansibilize sou sekirite nan zòn travay yo atravè Semèn Sansibilizasyon Nasyonal nan Zòn Travay yo ak plis pase sa".

Rekonèt ak konprann siy ki mennen ale nan ak andedan yon zòn travay esansyèl pou sekirite tout chofè ak travayè bò wout yo. Ekip antretyen nan tout eta a ap travay ak veyikil rapid chak jou, pandan yo konnen ke lavi yo depann de chofè ki resevwa anons, chofè ki pasyan epi ki pridan. Li vrèman enpòtan pou otomobilis yo elimine distraksyon, pote atansyon ak wout la epi pase a kote poutèt travayè yo. Pandan sezon konstriksyon an ap kontinye, ekip antretyen ak travay yo pral soti sou wout la pou fè reparasyon ak amelyorasyon pou asire wout yo an sekirite pou otomobilis yo. Tout vwayajè yo ta dwe prepare pou redui vitès yo epi rete vijilan lè y ap travèse zòn travay yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Semèn Sansibilizasyon Nasyonal nan Zòn Travay la, klike [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418